

VAUDZE NDINOVADA

**Kugamuchira Ruvhenekero
rweRudo rwaMwari Kwauri**



JOYCE MEYER

#1 NEW YORK TIMES BESTSELLING AUTHOR

Unless otherwise indicated, all Scripture quotations are taken from
THE AMPLIFIED BIBLE: Old Testament.

Copyright © 1962, 1964 by Zondervan Publishing House
(used by permission); THE KING JAMES VERSION; and from
THE AMPLIFIED NEW TESTAMENT

Copyright © 1958 by the Lockman Foundation
(used by permission).

Copyright © 2014 by Joyce Meyer Ministries – South Africa

All rights reserved. No part of this publication may be
reproduced, distributed, or transmitted in any form or by any means,
or stored in a database or retrieval system, without the prior written
permission of Joyce Meyer Ministries – South Africa.

Joyce Meyer Ministries – South Africa
PO Box 5, Cape Town, 8000

Phone: +27 (0) 21 701 1056
Website: www.joycemeyer.org

Go to tv.joycemeyer.org to watch Joyce's messages in a
variety of languages

Tell Them I Love Them – Shona (Zimbabwe)
Not For Resale

ZVIRIMO



<i>Nhanganyaya</i>	4
1. Mwari Anokuda	6
2. Ndinokodzera Here Pamberi PaMwari?	10
3. Rudo Ukama	16
4. Rudo, Ruvimbo neRutendo	21
5. Kusunungurwa Kubva Mukutya	25
6. Rudo Runopamba Wose	29
7. Rudo RwaMwari Runokusandura	33
Munamato WeRuponeso	36
Pamusoro Pomunyorori	37

NHANGANYAYA



Ndinotenda kuti chinodikanwa nemunhu wose kudarika zvimwe zvose kuita nzwirapamuviri tsvimbo yarova dapi maringe nerudo rwaMwari kwavari sedungamunhu. Kana munhu ava kunzwisisa nezverudo urwu ndipo pavanowaka hwaro hwerudo rwakadzama urwo runoumba ukama hwakadzika naMwari pamwe nechitendero chakazara. Kana tichotaura pamusoro perudo rwaMwari, hazvikwani kungova neruzivo rwacho mumusoro medu, aiwa. Zvinotoda kuti tinge takazarurirwa mumwoyo yedu. Izvi zvinogoneka bedzi kana Mweya Mutsvene atipa, zvakare anotipa chete apo tinenge tichifunga zvakadzama nezverudo rwaMwari kwatiri, tichigamuchira rudo urwu muupenyu hwedu, nokurutsvaka kuburikidza nemagwaro matsvene nokunamata.

Zviri nyore kungogamuchira kuti Mwari anoda vanhu wose zvokutumira Jesu kunofira matadzo edu tose. Hazvisi nyore kugamuchira kuti Mwari anokuda iwe zvokusvika pakutumira Jesu kuzokufira iwe pachako sedungamunhu, dai wanga uri woga munhu pasi rino rose.

Ini ndakapedza makore mazvinji ndisingagutsikane nechiKristu changu. Ndakazogamuchira Mwari ndazarurirwa rudo chairwo rwaMwari kwandiri. Mwari nenyasha, akazobuda pachena muupenyu hwangu kubudikidza naMweya Mutsvene, rudo rwake kwandiri sedungamunhu. Kuzviratidza ikoku kwakabva kwasandura upenyu hwose pamwe neukama hangu naMwari.

Chishuwo changu ndechokuti newewo paunenge uchiverenga bhuku rino uchazarurirwawo nezverudo rwaMwari kwauri

sedungamunhu. Saka ndinoda kukukurudzira kuverenga bhuku rino usingamhanyemhanye nokurishandisa semudonzvo wako pakudzidza kwauchange uchiita nezverudo rwaMwari mubhaibheri. Paunenge uchiita izvi unofanira kunge uchifunga zvakadzama pamusoro pemashoko aya matsvene nepfungwawo dzako.

Mwari anokuda zvikuru! Anoda kuti uzive izvi pamwe nokurarama murudo rwake zuva rimwe nerimwe reupenyu hwako, sezvaakandiitira ini. Saka ndinokumikidza bhuku rino kwamuri neruzivo pamwe nekutenda kuti ini handisi chinhu kunze kwaMwari, hapana zvandiri pasina Mwari. Kuratidzwa kwangu nokunzwisisa kwandava nako pamusoro perudo rwaMwari ndakazviwana kuburikidza nyenasha dzake.

1



MWARI ANOKUDA

“Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, wakapa mwanakomana wake wakaberekwa ari mumwe woga kuti ani nani anotenda kwaari arege kufa asi kuti ave noupenyu husingaperi.”

– JOHANNE 3:16 NKJV

Mwari anofarira mhuri, achidawozve kuti ave Baba. Mwari akatisikira kuti tigove neukama naye, sevanakomana nevanasikana vake, tichirarama upenyu huzere nezvibereko zvinova ndizvo zvakafira Kristu kuti tigowana. Kristu anoda kuti tigozembera paari, tigomuda nokumupa mukana kuti agotipa rudo. Anoda kuti tigovimba naye pamwe nokutarisira kwaari panguva yekutambura. Anoda kuti ave neukama noumwe noumwe wedu sedungamunhu.

Vazhinji vedu tinofunga nezviri muna Johane 3:16 sezvine udzamu. Vazhinji vedu tinongoti, “Hongu, ndinoziva kuti Jesu akafira nyika.” Patinoti “nyika” tinokanganwa kuti nyika hazvingorevi mazangwandira avanhu avo Jesu anofira. Akafira mumwe nomumwe wedu sedungamunhu.

Chokwadi chaicho ndechokuti kana dai waive iwe woga munyika, Jesu aingokufira zvakadaro. Ange asingazokurega uchitambura. Jesu akatambudzwa nokurwadzirwa iwe. Mwari anokuda zvakanyanya.

Rudo rwake kwauri haruna magumo (Tarisa Jeremaya 31:3).

Rimwe zuva ndichingunodhiraiuha, Mwari akataura nomwoyo wangu achiti, “Joyce, uri chido chomwoyo wangu.” Ipapo muvengi akabva asvika akati, “Hausi kuonawo here kuti idzi ndidzo nhema dziri pachena? Umbori chii iwe pauri ipapo?” ndakabva ndangoti pfungwa iyi ibve mumusoro mangu.

Pandakacherechedza kuti isu vanhu tinokosha pamberi paMwari, nokutizve tine matarenda nenjere zvinoshamisa izvo zvatinowanzofunga kuti hazvisi zvega, asi chokwadi chaicho ndechokuti mumwe nomumwe wedu akasikwa naMwari aine unhu hwake hwakasiyana nehwevamwe. Mwari anofarira mutsauko, paakakusika akakuita kuti uve nemutsauko kubva kune vamwe vese. Haadi kuti ugozvienzanise nevamwe kana kuti utevedzere vamwe. Wakatokwana pauri ipapo, zvakare unokosha pamberi paMwari.

Pandaifunga nezvamashoko akanga ataurwa naMwari mumwoyo mangu, ndakaona mucherechedzo womukadzi akanga ari muchitoto akamira padyo nemurwi wemaapuro. Aingotarisa-tarisa zvake asati azonhonga rimwe chete rairatidzika kunge rakanaka pane ese. Izvi zvinondipa pfungwa yokuti Mwari aida kundiratidza kuti ndini apuro rakanakisa kudarika mamwe ose. Ndini svoi yake. Izvi zvinoita sezvakaipa asika ndiko kuona kwaMwari mune mumwe nomumwe wedu. Mwari haasi kuti kwatiri, tinokosha kudarika vamwe, kwete. Haasi kuti vamwe vese inhandu, kwete, mwari ari kuti tose tine kukosha kwakafanana pauso hwake. Izvi anozviturea mushoko rake iro anoparidzira kumunhu wose zvake. Iwe uri nyachide waMwari, svoi yake.

Pamazuva iwayo ndange ndisinganyatsonzwisisi kuti Mwari aida kuti chii chaizvo kwandiri nokuti zvaibva zvandivhiringidza pfungwa dzangu kuti ndigofunga kuti ndini ndakakoshesa pamberi paMwari. Asi nenguva pfupi mushure mepfungwa idzi, ndakazoverenga bhaibheri rangu kuna Mapisarema 17:8 apo ndakazojekeserwa ndakazozarurirwa pachene pandakaverenga zvichinzi, “Ndichengetedzei sesvovi yenyu, ndivhumbamirei

mumumvuri wemapapiro enyu” (NRJV). Ndakabva ndati ini, “a-a, uyu ndiye Mwari. Ini ndini nyachide wavo.” Zvakandiita kuti ndinzwe manyukunyuku pose pandinofunga nezvazvo. Unomboziva here kuti unokosha sei pamberi paMwari, zve nokuti Mwari anoda kuti unzwe kuti unokosha sei pamwe nokuti anokuda sei?

Munhu wose anodokwairira kudiwa ndiko kusikwa kwatakaitwa. Vazhinji vanotendera kuti Mwari anoda nyika pamwe nokuti anoda Jesu, asi zvakavaomera kutendera kuti Mwari anovada sedungamunhu. Shoko rinotidzidzisa iro kuti anotida sokuda kwaanoita Jesu. Johane 3:16 inotiburitsira izvi pachena. Mwari anodokwairira kudurura rudo rwake namaropafadzo ake kwauri nenzira imwe cheteyo yaanopa rudo nokuropafadza Jesu. Johane 5:20 inoti, “Baba vanodisa mwanakomana wavo zvokumuratidza zvose zvavanoita. Mwari vachamuratidza zvikuru zvakavanzika kuitira kuti mugokatyamara nokushamisika”. Pano Mwari ari kuti iye, “Ndiri kuita zvinhu zvose izvi kubudikidza naJesu, nezvimwe zvinodarika izvi kubudikidza naJesu kuti mugokatyamadzwa”. Mwari anoda kutikatyamadza nokuita mashura kuitira kutifadza.

Deuteronomio 7:9 inoti, “Naizvozvo uzive kuti Jehova Mwari wako ndiye Mwari wakatendeka, unosimbisa sungano yake nenyasha dzake, kuna vanomuda, vanochengeta mirairo yake kusvikira kumarudzi ane chiuru nemazana”.

Rudo rwaMwari kwatiri rukuru, zvakare haruna mhimo. Ruzhinji rvedu tinofunga kuti takatogomadza rudo rwaMwari nokuda kwezvivi zvedu, asi handizvo. Nyangwe tikamutadzira naupi mutowo, Mwari anongoramba achingotida zvakadaro. Rudo hachisi chinhu chinoitwa naMwari. Mwari rudo.

Kana uri mumwe weavo vanofunga kuti vanyanya kutadzira Mwari zvokuti asvika pakuvafuratira zvachose, wakatorasika mukufunga kwako. Mwari anogona kukunyurura kubva pakadzikadzika pawakawira. Ane zano rokukuponesa naro. Kunze kwekukuregerera zvitadzo zvako ukamukumbira ruregerero nomwoyo wose, anokanganwira kutadza kwako pamwe nokusuka matadzo zvokusiya

wachena kuti mburetete. (Mapisarema 103:10-12 AMP).

Ungati iwe, “Ndakagamuchira Jesu mumwoyo mangu, zvakare ndinomuda”. Asi ndiudze, unotendera zvakadzi kuti Mwari anokuda?

Rudo rwaMwari rusina magumo, rusina mutaro ishoko riri pachenachena, asi zvakadaro ruzere noudzamu. Mwari anotofanira kutanga apinda mauri kuti uzonyatsonzwisisa zviru kurehwa. Ndinovimba kuti ndipo panotangira ruponiso muuupenyu hwedu. Hazvinei kuti ungapzidze zvimwe kana kutsvagurudza rumwe ruzivo pamusoro paMwari, kana usingagamuchire zvizere kuti kuti Mwari anopa rudo rwake pachena zvakare ndimapavhurire, hapana kwaunenge wasvika murwendo rwako naMwari. Tinogamuchira chete makomborero maererano nokutenda kwedu. Kutenda kwoga hakungakukwanire unotoda rudo (Verenga VaGaratiya 5:6).

Saka kana tisina kugamuchira rudo rwaMwari hapana chimwezve chatingawane.

Rudo rwaMwari ndirwo rwunoita kuti tigare tisingatye (Tarisa 1 Johane 4:18). Izvo zvinokosha kana tichida kurarama upenyu hunofadza, hunozadzisa chishuwo chedu, hunotivitsa kuna Mwari. Unoda here kugamuchira rudo rwaMwari pasina muripo? Harwutengeswe, haukwanise kurwutenga nemabasa - chako kungotambanudza maoko ako nokurugamuchira chete.

2



NDINOKODZERA HERE PAMBERI PAMWARI?

“Tariro hainyadzise, nokuti rudo rwaMwari rwakadirwa mumwoyo yedu noMweya Mutsvene watakapiwa. Nokuti tichiri pakushaiwa simba.”

Kristu panguva yakafanira wakafira vasingadi Mwari. Nokuti zvinorema kuti munhu afire wakarurama nokuti zvimwe mumwe ungatsunga kufira wakanaka.

Asi Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira tichiri vatadzi.

Zvino zvatakaruramiswa muropa rake, tichaponeswa zvikuru sei naye pakutsamwa nokuti zvatakayananiswa naMwari nokufa komwanakomana wake, tichiri vavengi vake, zvikuru tichaponeswa kana tayananiswa noupenyu hwake.

– VAROMA 5:5-10

Zviri nyore kutendera kuti Mwari anotida kana chete tikaramba tichiita zvakanaka. Dambudziko riripo apa nderokuti ruzhinji rwavanhu havazvidi, zvinova ndizvo zvinovapa pfungwa yokuti kuda Mwari

haavadiwo zvakanyanya. Asika, Bhaibheri rinoti, “Munhu chiiko zvamunomufunga?” (Mapisarema 8:4). Tiri zvisikwa zvaMwari kana kungoti Mwari anotida nokuti anotida. Mwari rudo (Tarisa 1 Johane 4:16). Mwari anotida nokuti anofarira kungotida.

Mwari anokuda, unokosha kwaari zvinoreva izvo kuti uri mwana wake akamukwanira pauri ipapo. Haufaniri kuva sanhingi kana kuti ini ndiwe sewe. Ukararama upenyu hwokudemba uchiti dai ndakaita sanhingi kana hwokuzvifananidza navamwe, uchagara wakasuwa. Apa unenge watopa muvengi mukana wokukuudza kuti hakuna kukodzera. Chokwadi ndechekuti hakuna anonzi akangodarowo kunaMwari. Jesu akangokumiririra sezvauri izvozvvo. Akaripira zvivi zvako, akarangwa panzvimbo yako.

Bhaibheri rinoti kana Mwari akakuda kusvikira pakukufira, angatadza sei kukuda zvakanyanya nhasi uno wakatoshambidzwa neropa rake? (Tarisa VaRoma 5:8-9). Anokuda zvakanyanya zvokubisa matadzo ako ezuva nezuva nokukutsvenisa kubva kuzvivi zvose.

Semaonero angu, Mwari anoona zvivi zvako nezvinyangadzo zvako zvose. Ndinoda kuti ufungidzire uchiona kamwana kadiki kemakore kana mana kanogara kachitarisisa zvose zvinenge zvichiitwa namai vacho. Nokuti kamwana aka kanoda mai vako zvakanyanya, kanotora mugomo wemvura nechichira koenda kunogeza hwindo remberi kwemba nokuripukuta nechichira chiye pamwe nemapepa. Zviri pachena kuti hwindo rinosara razara mamhorodzi nemafuro esipo. Kamwana kaye kanomhanyira kumba kuna mai vako kosvikoti nomufaro mukuru kwazvo, “Amai! Amai! Ndageza mahwindo enyu. Ndakuitirai basa rakanaka. Mama, ndinokudai”.

Amai vane rudo vanoti, “A-a! Waita basa guru mwanangu. Ndinotenda norubatsiro rwako.” Nechinguva chisipi, apo mwana uye paanoti pote, amai vanenge vatova mubishi kugadzirisa tsvina dzaiswa nemwana. Mushure mazvo vanokurudzira mwanasika wavo kupota achibvunza kana pane tumabasa twaangabatsira natwo kuti agodzidza kuita namazvo.

Izvi ndizvo zvimwechetezvo zvinoita Mwari kwatiri. Mwari

anogona kugadzirisa mabasa ose kana tichimuda kana takadanwa sokufunga kwake (Tarisa VaRoma 8:28). Kana uchiita chinhu nenzira yaunofunga kuti ndiyo chete yakanakisa, ndizvo bedzi zvinodiwa naMwari. Anobatsira kana ukaramba uchimutsvaka. Anokusandura kuti uve zvaari kubva mumbiri imwe uchienda kune imwe (Tarisa 2 VaKorinte 3:18).

“Nokuti Wakatumwa naMwari, ndiye unotaura mashoko aMwari, nokuti haapi Mweya Mutsvene achiyera. Baba vanoda Mwanakomana, vakamupa zvose muruoko rwake.”

Rimwe zuva ndichingunodzidza ndima iyi, ndakazhamba nomufaro apo zvakajeka mupfungwa mangu kuti Mwari haatipakurire Mweya Mutsvene napashoma kwete. Haatiye achiita zvokutsvorodza. Ndimapavhurire zvechokwadi. Anopa napawanga usingafungire (Tarisa VaEfeso 3:20).

Muna Deuteronomio 7:6-7, Mwari anoti, “Nokuti uri rudzi rutsvene kuna Jehova Mwari wako, Jehova Mwari wako wakakutsaura kuti uve rudzi rwake chairwo pakati pendudzi dzose dziri panyika dzose. Jehova haana kukudai kana kukutsaurai nokuti makanga makapfuura dzimwe ndudzi nokuwanda nokuti imi makanga muri vashoma kundudzi dzose” (Deuteronomio 7:6-7).

Mashoko aya anopa manyawi. Mwari anoti, “Ndakadyara rudo rwangu mamuri ndakakutauritai kuti muri vatsvane. Ndakakutaurirai kuti muri rudzi rwakakosha. Ndakakusarudzai, kwete nokuda kwokuti makanaka pachenyu, asi nokuda kwekuti ndinokudai.”

Munomboziva here kuti Mwari anoda kuti muitei nhasi? Anoda kuti mugamuchire rudo rwake. Siyana nokupa zvikonzero zvokuti sei usingakoderi. Iwe hausi mutsva kuna Mwari. Aiziva zvose nezvako, kusanganisa kutadza kwako kwawaizoita, apo akakupinza muukama naye.

Dambudziko guru resu vazhinji nderokuti hatizvidi isu pachedu. Nokuda kwaizvozvo, hatitendi kuti Mwari anotida kana kuti pane angatidawo zvake. Zvinotikatyamadza kufunga kuti

vangandidireiwo nezvandiri zvese izvi. Ukangotenda chete kuti uri wenhando, uchangoitawo semunhu nenhando. Chokwadi ndechokuti haungapfuure pawakazvitemera mumwoyo mako.

Dambudziko rangu gurusa ini raive rokuti ndakange ndisingazvidi ini pachangu. Nguva zhinji ndairwa nokuda kuzvisandura kuti ndive zvandaida kuti ndive. Ndaifunga kuti ndaiva napamuromo pasingamharwi nenhunzi.

Saka ndaiedza kuti ndive chinyerere. Asi apo ndainge ndakanyarara, ndaisava nomufaro zvachose, ndakangopfundumwara. Munhu wose aida kuziva kuti sei ndainge ndakanyarara. Ndaizofunga kuti ko zvamaiti ndinotaurisa. Zvino ndiri kuedza kusataura zvakanyanya, zvaipa zvakare. Vadii kundisiya ndakazvinyararira?

Izvi zvakatora makore mazhinji zvichindidya mwoyo pamusoro pepfungwa dzakadai. Asi hazvina kubatsira nokuti muromo wangu wakatoramba uchindiparira nokuti ndaiedza kusandura zvandaive. Iye Satani aibva atonyanya kuramba achindiyeuchidza kuti ndakange ndiri munhu akaipa zvikuru pose pandaitaura. Satani airamba achitiita kuti tirambe tichizvisvora kana kuzviona savanhu vakashata. Saka ndinoziva kuti hazvisi nyore kutenda kuti Mwari anokuda nguva dzose paunenge waita chakaipa.

Mwari anoda kuti uve wakanunguka, usangoramba uchizvituka nokuzvipomera mhaka. Asi kuti usununguke unoda kutenda nokushinga. Unomboziva here kuti kunyange ukazvipomera mhaka nokuzvidemba zvakadii, hazvigone kuripa mhosva imwe zvayo nedzauchapara? Ndinoda kudzokorora zvandamboreva kuti hazvisi nyore kutenda kuti Mwari anokuda pose paunenge waita chakaipa. Satani anoita zvose zvaanokwanisa kukushungurudza nepfungwa dzokuti wakaipa zvadii. “Wapamha zvakare? Unofunga kuti unombori chii?” anokutaurira. “Mwari haazombofi akakuropafadza. Ungadai waita zvakanaka. Haungaparidzire mumwe nezvauri izvi. Mwari haangatombokushandisa. Haangapindure miteuro yako. Hapana chakanaka chaungagona kuita.”

Apa ndipo panoda kutenda kwakasimba kuna Mwari kuti ugosimuka

uchiti, “Baba vangu, ndakatadza. Ndiregerereiwo. Ndine urombo nezvandakaita. Ndinokumbirawo ruregerero rwenyu.”

Zvakanakawo zvakare kutaura kuna iye Satani uchimuyeuchidza kuti Jesu akaripira zvivi zvako akakuregerera nokukusunungura kubva muzvivi nokuparadza. Umuyeuchidzeve kuti simba reshoko raMwari richiri kushanda mauri nokusimbisa kutenda kwako muna Mwari. Wadai, uchagara upenyu hunofadza pamwe nokuva gomborero kuvamwe.

Unogona kunge uchizvibvunza kuti, “Sei ndichigara ndichingoita zvinhu zvakapusa kudai nguva nenguva?” Ini ndaimbofunga saizvozwowo kusvikira ndazozvipira kusiyana nepfungwa idzi. Kana ukangozvipira kucheka ukama nepfungwa idzi dzemhaka dzawakapara kare, uchaona zvichikubatsira.

Kugara uchingofunganya pamusoro pokutadza kwako zvinokudzosera shure pamwe nokukusuwisa kusvika pakurasa chitendero chako. Zvinoita kuti ushaye simba zvokuti uchataadza kurwisa zvivi. Ndiko saka ndiri kuti unofanira kuzvisimbisa pakugamuchira chipo chaMwari chokukuregerera pamwe nokuramba kugara muzvivi pamwe nokuraswa. Unofanira kusarudza kurarama mukutenda muizwi raMwari sezvinobuda mushoko rake nokuramba uchingozvipomera mhosva. Apo ndipo panoda muvengi anouya kwauri achiti, “Unoreva here kuti hauzomboita hanya nokutadza kwawakaita.

Unofanira kuramba uchirangarira kutadza kwako pane dzimwe nguva. Zvawakaita zviye hazvina kunaka zvachose.” Pakadai apa, chako kungopindura uchiti, “kwete, handisi kumbozvfifunga. Hazvisi kuzombondishaisa hope.” Ipapa unamate kuti Mwari akubatsire nokukupa nyasha dzokutanda pfungwa dzakadai nokuenda mberi noupenyu hwako. Zvinomboti remei pakutanga asi zvinozoita nyore nekuenda kwenguva.

Muna Isaya 53 tinoverenga kuti apo Jesu akatakura zvivi zvedu, akatakurawo nemhaka dzedu nokuzvidzwa kwose. Satani haadi kuti urege kuzvidzwa nokuti anoti ukazvidzwa, haungagamuchire rudo

rwaMwari. Kuzvidzwa kunosudurutsa munhu kubva kuna Mwari. Haangagare muchiedza chaMwari. Munhu anenge abiswa muchiedza chaMwari anenge ongofunga nezvake bedzi.

Unogona kusunungurwa kubva mukuzvidzwa nokutenda mune zvakataurwa naMwari paakati nyasha dzake dzakakukwanira kuripira mhaka dzako dzose. Airevesa. Anokuda. Nyasha dzake neruregerero rwake zvipo zvake kwauri. Zvigamuchire iye nhasi.

3



RUDO UKAMA

“Nesu takaziva, tikatenda rudo urwu, Mwari rwaanarwo kwatiri. Mwari rudo. Anogara murudo anogara muna Mwari, naMwari maari.”

– 1 JOHANE 4:16

Sokutaura kunoita magwaro matsvene, Mwari rudo, zvakare anoda kuti tigozarura pamwe nokupepuka pamusoro perudo rwaMwari? Nyangwe akakuda nomutowo upi zvawo, iwe kana usingazvione, hazvina zvazvinokubatsira. Imbocherechedza kufara kwaunoita kana mumwe munhu angokuratidza rudo rwakawanda. Ukaziva chete kuti unodiwa, zvinokupa ruvimbiso. Mwari anokuda, zve anoda kukuratidza rudo irworwo. Anokoka mumwe nomumwe wedu kuti tivake ukama hwakadzika pakati pedu naye sedunga munhu. Mwari anodawo kuti tigomukoka pane zvese zvatininge tichiita, zvakare anoda kuti tigoita hurukuro naye sezvatinoita neshamwari.

Une ukama here naMwari sedungamunhu? Kana tichinge tazvarwa patsva, hazvirevi kuti tinobva tangoumba ukama hwakadzama naMwari ipapo ipapo. Ukama uhu hunotoda kusimbiridzwa nokusakurirwa. Sezvatiningoita nevamwe vanhu. Ndaimbova muKristu kwemakore asi ndisati ndanyatsozvipira kufamba naMwari. Ndaienda kukereke

neSabata, ndaitomboita tumabasa tokubatsira ikoko kukereke, asi handaifunga zvakanyanya nezvaMwari. Ndaingonzwa kuti pane chinhu chakanga chisina kukwana muupenyu hwangu. Nhasi uno ndagamuchira Mwari chishuwo chiye chandainzwa hapasisina.

Pandinomuka mangwanani ndinongofunga nezvaMwari, zvakare Mwari ndiye wandinopedzisira kufunga nezvake, apo ndinorara. Zuva rose tinenge tichingovaraidzana.

Hapanazve chimwe chandichada kudarika kushandira Mwari wangu nokumufadza. Mukati moumwe noumwe wedu mune chinzvimbo chinokwana Mwari, chinokwana Mwari chete. Chingave chipi nechipi chaungaite, kana kudokwairira, hachigone kuzadza gomba iroro. Ndinokukurudzirai kuzvibvunza kuti, “Ndinorevesa zvakadii kana ndichiti ndine ukama naMwari?” Ndakazvigadzirira zvakadii kuisa Mwari nezvido zvake pamberi pezvinhu zvose. Ndingaita sezvakaita Pauro here muMabasa aVaPostori 17:28 paakati, “Nokuti Maari tine upenyu, tinofamba tiripo.”

Mwari anokuda, zvakare unokosha kwaari. Akakusika kuti muve neukama. Ichi ndicho chishuwo chake chikurusa pamwe chete nezvaari kuda chaizvo pamusoro peupenyu hwako. Mangwanani oga oga paunomuka Mwari anozevezera kumwoyo wako achiti, “Mangwanani. Ndinokuda”. Kana usina kumbonzwa achitaura kwauri nomutowo uyu, haungachitanga here kuteerera nokutendera?

Imwe shamwari yangu aiona mundangariro dzake Mwari Baba vachipinda mudzimba dzevanhu vemuAmerica pose apo vaimuka mangwanani. Aipinda mudzimba idzi akatogadzirira kuwadzana navo. Aisvikatora chigaro patafura ogara pasi. Vanhu vaisimuka vachiuya. Vaibuda nekupinda, vachibuda nekupinda, zvichingodaro. Vaimutaurira vachiti, “Rambai muripo zvenyu. Tichadzoka. Tikangopedza zvatiri kuita tichadzoka tigotaura nemi. Tichawadzana zvedu nemi munguva shomanana iri kuuya. Mirai zvenyu kwenguva pfupi pfupi.”

Zuva rakadoka. Mwari akasimuka akadzokera nechiso chakasuruvara nokuti hapana kana nomumwe akauya kuzotaura naye musi uyu.

Munhu wose akanga akabatikana nezvavaiti zvinokosha zvaivatadzisa kutaura naMwari. Rega kubatikana zvokukutadziwa kutaura naMwari. Kana ukashaya nguva yokunamata chaiyo kana kugara pasi naMwari zvinoreva chokwadi kuti wakabatikana. Zviwanire nguva yokutaura naMwari kuti unomuda. Zvimwe zvose zvingapera asi Mwari acharamba aripo. Ichi ndicho chokwadi chaicho. Kana usina ukama naMwari zvichakuti omerei kutanga ukama hwacho izvozvi.

Baba vangu vachangobva kushaya. Mufaro wangu kutaura ndichiti vakanga vachangobva kugamuchira Jesu samuponesi wavo makore matatu anga apfuura vasati vashaya. Nyangwe zvazvo baba vangu vakaenda kudenga, vakarasikirwa nokurarama upenyu hwerukundo. Vaingozvigarira vari vega, vachizviitira zvinhu zvavo. Rega kuzviraramira kusvika kumagumo eupenyu hwako wozoguma uchidemba nokuti unenge waparadza nguva yako uchitandanisana netunhu tusina maturo. Nguva chipo chinokosha chinobva kuna Mwari, saka tinofanira kuchishandisa zvakanaka. Munoono, nguva ikange yapfuura haichadzoka. Nguva yaunodza naMwari inounza mubairo mukuru. Zvimwe zvinhu zvose zvinongounza mafaro asina maturo, anorwadza kumagumo azvo.

Zano randinopa nderekuti usarudze kupedza gore rinotevera uchifunga nezverudo rwaMwari, uchidzidza mashoko aMwari anotaura pamusoro perudo kuitira kuti uzive kuti ungagamuchira sei rudo rwaMwari.

Rudo rwaMwari runounza kugutsikana kukuru, rugare mumwoyo neupenyu hunopa manyukunyuku. Mwari anoda kutandara mumufaro nemwana wake. Dzidza magwaro matsvene kuti uzive kuti Mwari ndiani, zvekare kuti unogonyatsonzwisisa.

1 Johane 4:16 inoti, “Nesu takaziva, tikatenda rudo urwu Mwari rwaainarwo kwatiri.”

Dzimwe nguva unonzwa seusingadiwi paunomuka mangwanani ega ega. Pamwe unonzwa kushaya simba, zvaunoono kuti zuva iri richava richakusvisa. Zvinofadza ndezvekuti unogona kusandura mafungiro

ako nekungotaura mashoko anosimudzira pamwe nerutendo. Danidzira uchiti, “Mwari anondidzisa. Ndini svovi yavo, zvakare vane urongwa hwakanaka neni.” Ukangotaura nezvaMwari neshoko ravo panzvimbo pematambudziko ako nokusanzwa zvakanaka, unogona kusandura zuva rako rikave benyu.

Unofanira kutaura wega kuti unyatsonzwa wakakombwa norudo rwaMwari. Bhaibheri rinoti iro Mwari ane mufananidzo wako wakanyorwa muzvanza zvemaoko ake (Tarisa Isaya 49:16). Ndiri kubva ndatomuona kumusoro ikoko achiti, “Tarira, uri kuona here? Oh! Kunaka here ikoko? Ndinozvida zvakanyanya. Tarisa vana vangu, muzvanza zvaMwari mavari.” Mwari anewe (mumaoko ake) semucherechedzo worudo rwake kwauri, zvakare anoshuvira kuwadzana newe.

Gara uchiyeuka kutenda Mwari nokuvaka ukama naye hwokuti ugoramba uchiwadzana naye. Pamwe ungangoda kumbomira zvose zvauri kuita kuti uzvipe nguva yokutenda Mwari kuti unoziva, nokumuudza kuti anoshamisa sei. Nyatsogadzikana ugopa rudo rwako kuna Mwari. 1 Johane 4: 16-17 inoti,

“Mwari rudo, unogara murudo, unogara muna Mwari, naMwari maari. Rudo rwakakwaniswa matiri pachinhu ichi, kuti tigere kutya nezuva rokutongwa nokuti sezvaakaita iye, ndizvo zvatakaitawo panyika ino.”

Kungoziva kuti Mwari anokuda zvinounza chitendeseko Maari pamwe neruvimbo mune kutendeseka kwake. Maropafadzo ose aakakugadzirira unoawana bedzi nokubvumira Mwari kuti akude. Maropafadzo aya anosanganisira kutenda kwakawedzerwa kukunda zvivi, rugare mumwoyo, kurapwa, upenyu huzere neupfumi hunobva kunaMwari, mafaro. Maropafadzo ayo anouya kwauri chete nokubvumidza Mwari kuti akude. Nguva zvinji tinofunga tichiti, Ah! Zvakanaka. Ndinofanira kuda Mwari. Ini ndinotendera kuti unofanira kutanga nokubvumira Mwari kuti akude. Handitendi kuti ungakwanise kuratidza rudo rwako kuna Mwari kutanga usati wabvumidza Mwari kuti akude. Bhaibheri rinoti tinoda Mwari nokuti

akatida isu kutanga (Tarisa 1 Johane 4:19).

Kana tava kuziva kuti Mwari anotida, nokugamuchira rudo rwake, tinenge tava kukwanisa kudzorera rudo rwavo. Tinenge tokwanisa kuwadzana naye. Zvingangokushamisa kuti ungakwanise kuwadzana naMwari sei. Apo Mwari vakanditi ndiwadzane navo, ndakakwanisa kungogara pasofa rangu ndikati, “Zvino mati kudii Mwari?” ndizvo chaizvo zvandakaita.

Handaiziva kuti ndingawadzane sei naMwari nokuti panguva iyoyo, handaitoziva kuti Mwari aindida zvakadii zvakare ndaisanzwisisa kuti Mwari vanoda kuti ndive shamwari yavo pamwe nemufambidzani navo. Panguva yandaiva navo ndichinamata ndichiverenga shoko, dzimwe nguva ndakangonyarara pamberi pavo Mwari, ndakadzidza kutapirirwa nokuwadzana naMwari.

Ndinoda kukukurudzira kutora nhanho utangise kuwadzana naMwari. Upe Mwari mukana, kuti agokudzidzisa kuwadzana naye. Handina mushonga wandingakupa wokuti ugowadzana naMwari. Handina kuti ugotevedzera nzira dzaunoti poshi, piri, tatu, uchingodaro. Ndinoda kuti ugotungamirwa naMweya Mutsvene. Mwari anoda kugarisana newe zvakanaka. Handiti, sokutaura kwaVaEfeso 3:17, mwoyo wako imba yaJesu.

4



RUDO, RUVIMBO NE RUTENDO

“Nokuti muna Kristu Jesu kudzingiswa kana kusadzingiswa hazvibatsiri chinhu. Asi kutenda kunobata norudo.”

– VAGARATIA 5:6

Vazhinji vedu tinopedza nguva zvinji tichiedza kuva nechitendero. Tinoziva kuti pasina kutenda zvakaoma sebwe kufadza Mwari (Tarisa VeHebheru 11:6) saka tinoshanda nokubinduka kuti tiwane rutendo. Rutendo runokura mumwoyo yedu; tinorwana chete kubudikidza neukama hune kuwadzana murudo naMwari pamwe nokunzwa shoko rake rinouya kuburikidza nokuzarurirwa naMwari. Handigone kukudzidzisa rutendo. Rutendo rwako runobva nokugamuchidzwa kubva kuna Mwari. Tinofanira kupedza kupatarika kwatinoita kuti tiwane rutendo nokuda kufadza Mwari, tigotanga kushandisa nguva yose iyoyo nekufarira Mwari, tichimuda nokugamuchira rudo rwake.

2 Vakorinte 5:7 inoti, “Nokuti tinofamba nokutenda, hatifambi nokuona.” Pane imwe nguva pandaiverenga shoko, ndakanzwa Mwari achiita seanotaura mamwe mazwi ane simba kumwoyo wangu. Akandiratidza kuti hazvinei nezvinoda mwoyo wangu nokudza kwangu kufamba nokutenda zvine basa. Ndima iyi inonditaurira kuti ndinogona chete kufamba murutendo maringe nezvandinotendera pamusoro peukama hwangu naMwari. Saka chimbomira ufunge

nezvazvo. Zvibvunze kuti unonzwa sei maererano neukama hwako naMwari.

Munhu anozviona seasakarurama pamberi paMwari haangatarisire kufamba murutendo. Takanatswa naMwari kubudikidza nokuzvipira kwaakaita Jesu (Tarisa 2 VaKorinte 5:21). Kurarama kwedu hakubvi kumabasa atakabata kana atichabata. Kunobva kune zvakaitwa naJesu. Saka munhu anotendera kuti haabatsiri kana kuti Mwari haamude haangakwanise kufamba murudo.

VaGaratia 5:6 inoti rutendo runoshanda kubudikidza nerudo. Vazhinji vanofunga kuti shoko rinoreva iro kuti kana vachikwanisa kuda vamwe, saka nerutendo rwavo ruchavashandira, zvakare vachagamuchira zvavanoda kubva kuna Mwari. Nyangwe Mwari achida kuti tifambe murudo, zvakaoma kuita izvozvo kusvikira tatanga tabvumidza Jesu kupinda matiri kuitita kuti atide. Zvakapusa chaizvo izvi hatikwanise kupa chinhu chatisinawo isu. Kwamakore mazhinji ndakaedza kufamba murudo navanhu nokuti ndaiziva kuti ndiwo murairo waMwari asi ndaizvitadza kusvikira ndazogamuchidzwa rudo rusina mhimo kubva kuna Mwari. Ndipo pandakatanga kunzwa zvakanaka nokutanga kunyatsopawo vamwe rudo rwechokwadi. Kana wava kunyatsozviva kuti Mwari anokuda zvakadii, zvino kuitira nyore kugamuchira rudo. Kubva kuna Mwari, pamwe nokuti zvido zvako zvizadziswe. Vanhu vanotadza kugamuchira rudo nemhaka yokuti havanyatsotenda, vamwe havatotenda zvachose kuti Mwari anovada nokutizve anoda kuzadzisa zvishuvo zvavo, pamwe nokuvaropafadza.

Ungati, “Ndinoda kuzvitendera asi nomutowo upi?” Une rudo rwaMwari mauri. Chaunongofanira kuita bedzi kuzvigamuchira apo Mwari anokuratidza (rudo). Bhaibheri rinoti, “Tinomuda nokuda kwokuti akatanga kutida (1 Johane 4:19). Hazvaive nyore kuti iwe ude Mwari, dai vasina kutanga vavimbisa izvozvo pekutanga. Rudo rwaMwari ruri mumwoyo mako-mukatikati mako. Izvi unotozviona kana watangisa sokuona kwaunoita Mwari. Anoti unoshamisa, wakanaka, uri tsvarakadenga, une matarenda, unokosha kwaari. Mwari anokuda. Hapana mumwe munhu pasi rino rese achazokuda sokudiwa kwaunoitwa naMwari. Paunofungisisa nezverudo

rwaMwari, ndipowo pauchakwanisa kusunungura rutendo rwako nokurarama upenyu hwawakasarudzirwa naMwari.

Haudi mumwe munhu kunze kwaMwari, asi Mwari anounza vamwe muupenyu hwako. Chokwadi ndechokuti, dai pasi pano pange pasina vamwe vanhu kunze kwako naMwari, zvinhu zvainge zvakangokunakira. Mwari ndiye achava shamwari yamandorokwati. Achava mubatani wako kana usina mumwe. Achava mai kana baba vaungange usina. Ndiye zvese zvaunoda muupenyu. Usazoita chitema chokugarokumbira Mwari kuti akuitire chichi nechocho. Mukumbirewo Mwari kuti azvipe kwauri kazhinji muupenyu hwako. Kumbira Mwari uzadziswe nekuzara kwavo kwose. (Tarisa VaEfeso 3:16-19).

Mwari anokuda, zvakare anoda kukupa zvaunoshaya pamwe nokuzadzisa zvishuvo zvemwoyo wako. Ukangoita zvinofadza Mwari chete, anokupa zvose zvaunoshuwira nenzira yavo, nenguva yavo. (Tarisa Mapisarema 37:4). Mwari akaudza Abrahama kuti aizomuropafadza nokumuita gomborero kuna vamwe. Ndzivo zvinoda kuita Mwari kwauri, asi unofanira kuzvitenda. Sunungura rutendo rwako ugotendera mune zvivimbiso zvose zvaMwari nokuti zvakaitirwa iwe.

Rutendo kana mabasa eNyama

VaEfeso 2:8 inoti, “Nokuti makaponeswa nenyasha nokutenda izvo zvisingabvi kwamuri asi chipo chaMwari.” Unombocherechedza here kuti wakaponeswa kwete nokuda kwako. Vazhinji vedu taimbova vatadzi vakuru patakazoponeswa naJesus. Chipi chake choruponeso hachina kupiwa nokuda kwamabasa edu akanaka kana kuti nokuita zvakanaka. Takaponeswa nokuda kwechinhu ichi bedzi: Nokuti Mwari wakada nyika, nokudaro, wakapa mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga kuti ani nani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi. (Johane 3:16).

Nyasha dzingatsanangurwe sechido chaMwari kushandisa simba ravo muupenyu hwako kuti vagokuwanira zvose zvaunoda. Sokupa kwaakakuita rutendo rwakakwana kuti ugoponeswa nenyasha

dzake, akakupa nokuda kwerudo rwake anokupa rutendo rwokuti unogona kuwana zvole zvaunoshuwira kana kuda. Unogonawo kunge uchida kuti vadikanwa vako vagamuchire Kristu samuponesi wavo, asi chokwadi ndechekuti haugoni kuti mumwe ade Mwari. Ungangonamata nekukumbira Mwari kuti abate mwoyo yavo, asi haugoni kuti zviitike namabasa ako.

Mabasa enyama kana zvinhu zvatinoedza kuita nesimba redu hazviwanzobudirira nokuti tinenge tichiedza zvinogoneka bedzi naMwari. Hapana chatinobura pakushanda kwedu. Zvatinofanira kuita kuzvininipisa pamberi paMwari nokukumbira rubatsiro rwavo. Bhaibheri rinoti, muna 1 Petro 5:5, Mwari anopikisa, anoshingaidza nokukunda vanozvitutumadza asi anopa nyasha. Nyasha dzaMwari dzinotikoshera muupenyu hwedu. Takaponeswa nenyasha kubudikidza nerutendo. Nenzira imweyo yatakaponeswa nayo, tinofanira kurarama mazuva ose nenyasha dzaMwari kubudikidza nerutendo. Kana ukange wangova nehwaro hweudo hwaMwari muupenyu hwako ungame wokwanisa kuvimba naye. Unenge wava kufamba nerutendo, kwete nemeso. Unenge wava kuziva mumwoyo mako kuti Mwari anovimbika nokuchengetedza zvivimbiso zvake.

Maererano neAmplified Bhaibheri, rutendo ndiko “Kutsamirana kweunhu hwako hwese muna Mwari mukuvimba musimba rake muuchenjeri pamwe neunaku hwake. (Vakorosia 1:4) paunobvumira Mwari kuti abude, anouya wokwanisa kuita izvozvo. Kudzama kunenge kuchiita ukama hwako naMwari, ndikowo kukura kunenge kuchiita rutendo rwako. Unoona kuti Mwari achaita zvinhu zvikuru kubudikidza newe pamwe nokukuitira iwe, asi zvinotanga nokuratidza rudo rwake.



KUSUNUNGURWA KUBVA MUKUTYA

“Hakuna kutya murudo, asi rudo rwakakwana runodzinga kutya, nekukundwa kunorohwa, munhu anotyha haana kukwaniswa parudo.”

– 1 JOHANE 4:18

Tinogona kusvika pachimwe chinhano tichifamba zvitsvene mukutenda kwedu, tichivimba naMwari murudo rwake. Nenguvaisipi muvengi anotumira chinhu chokutirwisa. Magariro edu muupenyu – zviya zvakaipa zvinotirwisa zvinogona kutipedza mukutenda kwedu zvatisakamboona. Vamwe vanhu hazvivanetsi kutendera kuti Mwari anovada kusvikira miedzo ivazunguze, kutenda kukashaya basa. Apa ndipo panouya muvengi achitityisidzira nokuzvidza kuti agokupatsanura nechinhu chaicho chinokubatsira rudo rwaMwari.

“Ko unoti kudii nechicho?” Anodaro muvengi. “Ndaiti zvimwe Mwari anokuda. Zvino sei zvinhu zviru kukushatira kudai? Unofanira kunge wakapara mhaka huruhuru. Mwari atsamwa newe.”

Zviri nyore chose munguva yokuedzwa namatambudziko, nguva apo zvinhu zvinotaridzika sezvisakakodzera kana zvausina kukonzera, kuti munhu anorasikirwa nokuvimba muna Mwari. Mwari haawanzoita zvinhu nenzira kana panguva yatinofunga. Ane urongwa

hwake hwakakura kudarika hwedu. Anoda kutisandura kudarika kuda kwake kusandura mamiriro edu.

Kazhinji anoshandisa nzira dzinorwadza kuukba, rutendo rwedu maari nokuti atibatsire kutidzidzisa kuvimba maaari oga. Munguva idzodzi, tinogona kusanzwisisa kuti zviru kumbofamba sei zvokuti tinogona kurasika tichifunga kuti Mwari haatidi. Apa ndipo panotinoifarira kuyeuka zviru muna MaRoma 8:35–39 inoti hapana chingatiparadzanise norudo rwaMwari. Tiri vakundi nokupfuurisa muna Jesu Kristu. Chinhu chakanyanyisa kunaka chatingaite patinenge tasvika pakuedzwa kutaura tichishevedzera kuti, “Mwari, ndinoziva kuti munondida, zvakare ndinotendera kuti zvichandinakira chete.”

Dzimwe nguva Mwari anomira kutinunura apo tinenge tarasikirwa netariro. Unoyeuka hereRazaro? Akarwara asi Jesu akamirira kusvika afe, ndipo akazongoenda kunomubatsira nemhuri yake. Marita akaudza Jesu kuti akange atononoka asi iye (Jesu) ainyatsoziva zvaaiita. Razaro akamutswa muvafi nenzira yakatunidza Mwari zvakananyanya. Mwari haangaite zvinhu nenguva yedu asi haazononoki paunenge wava mumatambudziko muupenyu hwako, ramba wakatarira kuna Mwari, norutendo rwako rwusimudzirwe. Rega kurega kutya kuchikukunda, kana kudzimaidzwa kuchikubira rudo rwako rwaMwari.

1 Johane 4:18 indima izere noudzamu. Inoti, “Rudo rwamandorokwati runodzinga kutya. Mwari ndiye rudo urwu rwechokwadi. Kana ukaziv rudo rwechokwadi rwakamira sei kwauri hauzombobvumidzi kutya kuchikutonga. Nyangwe zvako uchinzwa kutya, ucharamba uchienda mberi nokuda kwokuti unoziva kuti Mwari anewe nguva dzose.

Hazvigone kuti titye kukundikana kana uchiziva kuti Mwari anokuda. Wakasununguka kuuedza zvinhu nokuti unoziva kuti Mwari anokuda, zvakare kugamuchidzwa kunobva mukushanda kwako. Haungakundikane kana uchimira naMwari. Ungakundike chete kana ukavimba newe pachako. Zvinhu hazvingabude somarongerero ako, asi zvinobuda mune zvakanaka ukaramba wakatarisa kuna Mwari. Kana

uchiziva kuti Mwari anokuda, haungatye, kukundikana, kurambwa, kushaya, zvakapfuura, zvemberi, kana chii zvacho.

Rudo rwaMwari rwakakurisa zvokuti runokomba zvose. Kufunga kwako unoti iyeye Mwari akakuponesa nokukusunungura, angakurega uchiita somukundikani? Angakurega usina mubatsiri? Satani ndiye mhandu yemweya yedu. Imbavha nomurevi wenhema, asi Jesu anoda kuti tive noupenyu huzere mavhunamarara. Ngahukutapurire (Tarisa Jojane 10:10).

Bhaibheri rakawedzerwa, 1 Johane 4:18, inoti, “Hakuna kutya murudo, asi rudo rwakakwana runodzinga kutya, nokuti kutya kunorobwa. Munhu unotyha haana kukwaniswa parudo.” Mushure mokubatsirwa naMwari kuti ndinzwisise kuti rudo rwaMwari runotanda sei kutya, ndakabva ndada kutanga kurushandida ruzivo irworwo. Takaita dambudziko remotakari. Takafunga kuti tambo inofambisa moto wokuti motokari ifambe kakange kasisashande zvakana. Kakange kachembera kotoda kutsvagirwa kamwe, asi takange tisina mari yokutenga kamwe. Takangoramba tichifamba nako kakadaro, tichingonamata kuti hakaizobva kaparara zvachose.

Ndakanzwa Mwari achisunda mwoyo wangu rimwe zuva mangwanani achiti, “Joyce, ingopedza zuva uchindida, nokundipa mukana wokuti ndikude. Hapana chimwe chunofanira kuita. Haufanire kuedza kuti uite semukadzi werutendo rukuru. Chaunongoita bedzi kugara murudo rwangu.”

Naizvozvo ndaiimba, ndichinyora nziyo kuna Mwari, ndichifara zvangu. Chiriporicho ndakanzwa kuti murume wangu aive ari mugaraji kuchangopera maminiti makumimana nemashanu aenda kubasa. Akazarura gonhi ndokuti, “Ndatadza kupinza motokari mugiya rokutanga. Totofarira kuiendesha kunogadzirwa”.

Ndakavhara musuo ndokutanga kuseka. Handaiwanzodaro, zvakare hachaiva chinhu chandaiita maune. Zvakangouya zvoga. Asi nokuti ndakanga ndabvumidza Mwari kundida, ndakakwanisa kuseka panguva yakaoma kudai. Kugara murudo rwaMwari kunozorura mikova kuti rutendo rukude mauru panzvimbo yokutya.

Ndakangotannga kuseka, runova rutendo. Ndakaseka nokuti mukatikani ndaiziva kuti Mwari aindida, zvakare aizotiwana zvataida.

Abrahama akaseka kuseka kwerutendo. Apo MWari akauya kwaari achimuudza kuti aizove nomwanakomana, Abrahama akaseka. Aiziva kuti izvi zvakange zvisingagoneki paupenyu chaihwo. Akati iye naSarah vanga vasisakwanisi kuita mbereko, asi akatendera kuna Mwari, mufaro wake ukafashukira kusvikira mukuseka.

Ndinotendera kuti patinenge tasvika pachinhamo chakadai misuo inozaruka kuti Mwari apinde kuzotibatsira nenzira dzinoshamisa. Ndiani aigona kufunga zvokuseka mukati medambudziko? Bhaibheri rinoti Mwari anogara kumatenga achiseka vevengi vake. (Tarisa Mapisarema 2:2-14) Kana Mwari achigona kuzviita, nesuwo tinozvikanisawo. Saka chitotanga kuseka kuseka kwerutendo. Sokuziva kwako, Mwari anokuda. Kana Mwari ari kurutivi rwako, ndiani angakurwisa? (VaRoma 8:31).

6



RUDO RUNOPAMBA WOSE

“Iyoyi mirairo wakabva kwaari, tinawo, wokuti unoda Mwari, ngaadewo hama yake.”

– 1 JOHANE 4:21

Uri mwana waMwari anokosha. Anokuudza izvozvo muna Deutonomio 7:6 kana uchinyatsoziva kut unokosha kwaari, uchigara nomufaro noruvimbo rwarunounza, zvichaita kuti zvisandure magariro ako nenzira inofadza. Uchapinda musupamaketi uchinyemwerera uchifunga kuti, ndinodiwa. Zvinhu zvose zviri kundikomborerwa vamwe norudo rwandiri kunzwa kubva kuna Mwari. Unogona kunge uine mufaro kwese kwaunoenda, zvakare mufaro wako rinova gomborero kune vamwe. Mapisarema 100:2 inoti, “Tinofanira kushandira Mwari nomufaro”.

Patinotanga kuziva kuti tinokosha sei muurongwa hwaMwari nokuzivazve kuti mafungiro pamwe nemaitiro edu akaumbwa pakuvhenekerwa uku, tinenge tave kugona kugorerama Kristu nokuratidza rudo rwake nomutowo wakasiyana zvinova izvo zvinokwezva vanhu kwatiri. Rudo rwaMwari ruzere mauri rwuchakuita unzwire vamwe zvishuwo zvavo nokuvanzwira tsitsi. Rudo rwaMwari rwuri mauri ruchakusunungura kubva mukutya

zvokutu hauzombotyi kusvika kwavari murudo. Hauzotyi kurambwa kana kushandiswa. Rudo rwaMwari kwauri ruchaita kuti uone zvinodiwa navamwe nokuedza kuzvizadzisa.

Mwari vanoda kuti utendere kana vachiti vachaita mabasa makuru kwazvo kubudikidza newe nokuti Jesu anorarama mauri. Vimbai navo uchitendera kuti vanoda kushanda kubudikidza, kuda nokubatsira vamwe. Yeuka kuti rudo rutsvene rwaMwari runotanda kutya, saka usarega kuti kuchikutadzisa kukura murutendo. Handitombokwanisi kuti ndikuudze kuti kangani kandasvika parumananzombe parutendo rwangu, zviya zvokusvika pakuda kuita zvinotyisa, apo Mwari anenge akati, “Onaka Joyce, Onaka! Ndichaita minana kubudikidza newe.” Pose pandinotsauka kubva murutendo, Mwari haana kumboramba kundigamuchira.

Unomboziva here kuti sei ndisingambozvinetsa nokuzvisudurudza kubva murutendo nokumborasika? Nokuti ndinoziva kuti Mwari vanondida. Vanondida, zvakare vanoziya kuti ndinovada. Kubudikidza nenyasha dzavo, ndakazvipira kuvafira. Kana wangodaro, zvakare iwe uchida Mwari, uchizivazve kuti vanokuda, hapana dambudziko rausingagoni kukunda kubudikidza naKristu.

Kana chido chako chaicho chiri chokubatsira vamwe, Mwari vachakubatsira kuvabatsira. Hazvirevi kuti une njere dzakadinii, unofanira kuzvipa kuna Mwari, ivo vachaita zvimwe zvose. Ungange uchinzwira kunge matarenda ako anoperevedza kana kuti asina kukwana, asi dzimwe nguva izvozvo zvinoita sezvisina kukwana zvisina kukwana ndizvo zvinonyatso shanda.

Rega kurarama upenyu hwokungozvifunga, uchiparadza samba rako uchingoita zvinhu zvokuzvifunga bedzi, pamwe nokuzadzisa zvivo zvako chete. Uda Mwari zvaunoda kana zvaunoshuvira, wochiisa pfungwa d'ako kwaari kuita kuti unyatsonzwisisa nzira dza Mweya Mutsvene dzokuti ugokwanisa kunanambira kuna vamwe. Mwari vanoizvigamuchira sembeu yadyarwa kuti igozobereka michero yaunoshuwira paupenyu hwako. Munhu wese wese anoda kupfuma asi chatinofanira kunzwisisa ndechokuti pfuma yamazvirokwazvo

yakaita sei. Ini ndinoitsanangura sekukwanisa kuzadzisa zvishuwa zvose zvinouya kwauri. Rudo rwaMwari ruchakupa umbirimi hwokutungamidza zvido zvavamwe. Unofunga Mwari anokuda zvakakwana zvokuti ukwanise kutambanudza rudo rwako kune vamwe, kunyange vaye vanoita sevasingadi vaye vanogara vachigunun'una navaye vasingagutsikane.

Hazvitodi kuzvibata kwakanyanya kuti ude munhu anokudawo. Asi tinofanira kutanga tawana nyasha dzaMwari kuti tigokwanisa kuda vaye vanonetsa kuda. Rudo rwaMwari rwuri matiri rwunotiita kuti tizvikwanise nokuti rudo rwavo haruna mutauro. Tinorupiwa pachena. Rudo harukundidi kana kuneta. Zvingatora gore. Zvingatora makore mashanu. Zvingatora makore makumi maviri namashanu, asi zvinokosha kuti tizviite. Kana zvichimbokuremera kutsungarara kana kuda munhu asingadike ingoyeuka nguva idzo Mwari anoramba achikuda pese paanenge akamirira kuti umubvumidze kuti akusandure.

1 VaKorinte 13 inotiudza kuti rudo runotsungirira, rune tsitsi, runozvininipisa. Haruzvifungi, kana kuva nechivhinyu kana kuva nehasha dziri pedyo. Tutsika uturu nditwo aiedza kudurura matiri kubudikidza nerudo rwake. Isu tinochifanira kukura kuti tigokwanisa kuitirawo vaye vakatirwadzisa vakarasika vane nyota yerudo rwaMwari muupenyu hwavo.

Mwari vanokuda, zvakare vanoda vanhu vese vakakukomba. Vanovada zvakadaro kunyangwe vakaponeswa kana vasina, zvakare vanoda kukushandisa senzira yokudurura rudo rwavo.

Usatye kubuda panze. Rudo rwaMwari runosunungura kubva mukutya pamwe nokuzvidzwa. Ivo Mwari vakakupa samba rokugona kuda. Tsungirira kugoverana rudo rwaMwari nevamwe. Unogona kutanga nokungova munhu anofarira vamwe. Zvipire kungova munhu anofarira vamwe kwese kwese kwaunoenda.

Iko kungogona kubata vaenzi ndeimwe nzira yekuratidza rudo nayo, kunyanya kune uye akasurukirwa kana akaora mwoyo. Unokoka vamwe kuzodya newe. Unokoka vamwe kuti vakushanyire. Kwazisana navamwe uchinyemwerera. Mbundikirawo mumwe kana

kumutaurira mazwi anokurudzira. Ipa rubatsiro sokutakura mumwe mumotokari yako achienda kubasa panguva iyo motokari yake inenge yakafa. Tambanudza ruoko rwako kune mushandi mutsva pabasa pako nokuona kuti wavayamura kuti vagojaira kugara mudhorobha. Mwari akakugadzirira chimwe chokuita. Chingave chinhu chinotaridzika sechikuru kana kukosha kwauri, asi chinhu chinokosha kuna Mwari. Kune vanhu vanogona kusvikirwa newe chete. Kumbira Mwari kuti akuratidze nzira dzokusvitsa rudo rwaMwari kune vanhu ava. Iye Mwari achakudzidzisa.



RUDO RWAMWARI RUNOKUSANDURA

“Rudo rwuri pachinhu ichi kuti hatizisu takada Mwari, asi kuti ndiye wakatida, akatuma mwanakomana wake kuti ave rudzikinuro rwezvivi zvedu”.

– 1 JOHANE 4:10

Mwari anotida asi handifungi kuti ruzhinji rvedu rwunonyatsonzwisisa kukura kwerudo rwake kana kuti anotida zvakadii. Mwari akandiratidza ini, kubudikidza nepakudzidza musoro uyu, kuti kana dai tainyatsoziva, mukatikati nemwoyo yedu, kuti Mwari anotida sei, taizova namaitiro akasiyana pane atiri kuita nguva zvinji.

Umborangarira pamusoro perudo rwaMwari kwauri. Ndizvo zvinozokusandura izvozvo. Kana pane chimwe chinhu chausingafariri paupenyu hwako, saka kuziva nokunyatsotendera kuti Mwari anokuda ndizvo zvinokusandura paunenge uchakamirira kuti ashande kubudikidza newe. Izvi ndizvo zvinokubatsira murwendo rwako rwokurarama. Ukangogara wakazvimbirwa pamwoyo pamusoro pezvinyangadzo zvako, haungambosanduka. Yeuka kuti Mwari anoshanda kubudikidza norutendo, nokutizve rutendo rwechokwadi runotiita kuti tipinde muzororo rake (VaHebheru 4).

Zvinoita sokunge kune vanhu vazhinji vasina kugadzikana pachavo.

Havatombozvidi zvokutosvika pakuzvisema. Kana uri kushushikana nezvaunofunga nezvako, ndinoda kukuyeuchidza kuti unogona kuvengazvinhu zvakaipa zvaunoita, kwete kusvika pakuzvivenga pachako. Jesu akafira iwe nokuda kwerudo rwake rukuru kwauri, zvakare anoda kuti ugamuchire chipo chale ichi chinokosha.

Bhaibheri rinoti, “Nokuti sezvaunofunga mumwoyo make, ndozvaakaita (Zvirevo 23:7). Kana uchinzwa kusagutsikana nezvauri nguva dzose, uchizvisema nokutadza kuona kuti unokasha sei, haungave nerugare rwaMwari nemufaro. Mufungiro namaitiro ako zvinoratidza zvega. Zvose izvi zvinodaro nokuda kwokuti hazvisati zvanyatsopinda mumwoyo mako chokwadi chaicho chokuti Mwari anokuda kudarika zvaungafungidzire.

Mwari anoda kupedza imwe nguva newe zuva rega rega. Ndizvo zvinokusandura izvozvo. Ukasatungamidza Mwari, uri kuisa Mwari muchinzvimbo chaasingasokwanisi kukuitira izvo ange achida kukuitira. Nguva yaunopedza uina Mwari uchimuda nokumubvumira kuti akude, inguva ichaita kuti usimbiswe, ushinge uyaruke.

Vanhu vazhinhi vanongopa zvikonzero sei vasingambozvipiwo nguva yokuumba ukama hwakasimba naMwari. Hongu, vanoda kuumba ukama naMwari, asi havazozvibate nokuumba tsika dzakanaka sokudzidza shoko raMwari nokunamata. Kana izvi zvichinetsa, namata uchikumbira kuna Mwari kuti akubatsire kuumba tsika yokumbopedzawo nguva naMwari zuva rega rega. Ichi ndicho chinhu chakanakisa chatingagone kuita.

Rudo rwaMwari runokusandura. Pauchange uchirarama murudo rwaMwari nokuzviziva izvi nguva dzose, uchaona kuti nezvidowo zvako zvinosanduka. Uchashuvira kuva saJesu, uyo anoisvokuda. Kuziva nokuumba unhu hwaMwari muupenyu hwedu ndicho chinofanira kunge chiri chimwe chevavariro yaanga akagwinyira yaive yokuziva Jesu. Nesimba romurumuko rwake. (Tarisa VaFiripi 3:10) kuti ndimuzive iye nesimba rokumuka kwake. Nyatsocherechedza kuti Pauro akasimbiswa pokuti aitofanira kugwinya, ndinoda kukukurudzirai kuzvipira panyaya yokuita ukama naMwari. Unogona

kuzviisa pedyo pedyo naMwari kana uchida. Zviri kwauri kuti unoda kupedza nguva yakadii mune basa iri.

Bhaibheri rinoti isutiri vamiririri vaMwari (pano pasi) richitizve Mwari vari kuedza kupindutsa nyika kubudikidza nesu. (Tarisa 2 VaKprinte 5:20) Shoko irori rinogarondibata zvakanyanya pamwoyo zvichiita kuti ndiwe nekucherechedza kutsva kwokuti zvakakosha sei kuti titevere utungamiri hweMweya Mutsvene peanoshandanda matiri achitisandura nokutiumburura maererano nezano raMwari. Rudo rwaMwari runodururwa mwoyo yedu naMweya Mutsvene. (Tarisa VaRoma 5:5). Gamuchirai rudo rwaMwari, rufarireo, ngarwukusandurei.

MUNAMATO WERUPONESO



Mwari anokuda iwe uye anoda kuva neukama newe. Kana usati wagashira Ishe Jesu Krisitu seMuponisi wako, iwe uno kwanisa kuita saizvozvo izvozvi. Unofanira kusunungura moyo wako izvozvi unamate munamato unotevera...

“Baba, ndinoziva kuti ndakakutadzirai imi. Ndiregererei kutadza kwangu. Ndishambe ndichene kubva mukutadza kwangu. Ndino tsidza kuvimba naJesu, mwanakomana wenyu. Ndino tenda kuti iye wakandifira - akatakura zvivi zvangu parufu rwepamuchinjikwa. Ndinotenda kuti jesu Kristu wakamutswa kubva kurufu. Ndinoisa upenyu hwangu muruuoko rwashe Jesu Kristu izvozvi.”

Ndinokutendai Baba nechipo cheruregerero uye cheupenyu husingapere. Ndibatsirei ndikwanise kuraramira imi. Ndinoti muzita ra Jesus ameni.”

Nekuti wanamata zvichibva pamoyo pako, Mwari vagakugashira, nekukuchenesa uye kukusunungura kubva muusungwa hwerufu rwemweya. Tora nguva yekuverenga nekuzwisisa magwaro matsvene anotevera uye ukumbire kuti Mwari vataure newe apo unenge uchirarama muupenyu hutsva yu munyasha dzavo.

Johane 3:16

1 Vakorinte 15:3-4

Vaefeso 1:4

Vaefeso 2:8-9

1 Johane 1:9

1 Johane 4:14-15

1 Johane 5:1

1 Johane 5:12-13

Namata uye kumbira kuti Mwari vakubatsire kuti uwane Kereke inotenda Mwari kuburikidza nemagwaro matsvene anobva mubhaibheri kuti ugokuridzirwa uye kukura muukama hwako naJesukristu. Mwari vanongogara vainewe. Vachakutungamirira zwarega rega nekukutungamirira kuti urame hupenyu hwakazara hwaanokupa!

PAMUSORO POMUNYORI



JOYCE MEYER mumwe wevadzidzisi vebhaibheri pasi rose. Munyori uyu akasarudzwa neNew York Times kuve munyori ane mabhuku akanyanya kutengwa kudarika vamwe vose. Mabhuku ake akabatsira zviuru nezviuru zvevanhu kuti vawane tariro nokumutsurudzwa kubudikidza naKristu. Kubudikidza naJoyce Meyer Ministries, Joyce anodzidzisa pamusoro pemadingindira akasiyana akanangana nezvenjere, muromo, maonero, mamiriro. Anonyora asingaiti zvokurova imbwa akaviga mupinyi zvinoita kuti abuditse pachena pfungwa dzake maererano nezvaakasangana nazvo mukurarama kwake kuitira kuti vamwe vakwanise kushandisa ruzivo urwu mukurarama kwavo.

Joyce akanyora mabhuku anoda kukwana zana. Anoronga misangano inoda kusvika gumi nemiviri munyika make nekunze kwenyika gore roga roga achidzidzisa vanhu kuti vararame upenyu huzere nemufaro. Mumakore makumi matatu apfuura, misangano yemadzimai yaano ronga gore negore inokwezva madzimai anodarika 200 000 kubva pasi rose. Chido chikuru chaJoyce kubatsira vanhu vanotambudzika, ndiwo akava mavambo esangano rake reHand of Hope (Ruoko rweTariro), bato rake rinoona nokutsigira vanhu pasi rose, kusanganisira mudhorobha nemumusha wake, St Louis.